



Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SENK KA KONFIME VARYAN OMICRON COVID-19 LA NAN NEW YORK

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse premye ka konfime varyan Omicron COVID-19 la nan Eta New York. Jiska prezan, senk ka yo sanble pa lye epi yo te konfime atravè sekans viris SARS-CoV-2. Yon ka nan Konte Suffolk ak yon istorik vwayaj an Afrik Disid. Moun nan pa t gen sentòm pandan l ap vwayaje pou antre lakay li epi lè li fin retounen lakay li, li vin gen sentòm. Sekans ki fèt nan Laboratwa Repons pou Pandemi (Pandemic Response Lab, PRL) te konfime prezans varyan Omicron an. Lòt kat ka yo se rezidan Vil New York. De ka nan Queens ak youn nan Brooklyn te konfime nan PRL, pandan lòt ka a, ke yo toujou nan pwosesis pou detèmine minisipalite rezidans li, te konfime pa Laboratwa Sante Piblik Vil New York la.

"Jan mwen te di depi nou te fèk okouran de ijans varyan Omicron an epi mwen te ti pi bonè jodi a, se te sèlman yon kesyon tan anvan li te detekte isit la nan Eta New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Majistra de Vlasio ak ekip li a paske yo travay deprè avèk nou nan efò sa pou detekte varyan Omicron an ak pou efò pandemi reyini nou. Mwen vle pou tout Nouyòkè yo konnen tou ke nou byen prepare pou sa epi n ap kontinye kominike ouvètman ak Nouyòkè yo pandan n ap travay deprè ak patnè nou yo nan nivo nasyonal, eta ak lokal yo. Gras ak zouti ki sove lavi yo ki a dispozisyon nou, tankou vaksen ak dòz siplemantè yo, nou gen zouti nan asenal nou pou konbat pandemi sa - ki enkli varyan Delta ak Omicron. Mwen egzòte tout Nouyòkè pou pran mezi nesèsè pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite: vaksinen, pran dòz siplemantè ak mete mask".

Ka Eta New York sa yo vini apre anons Gouvènè Hochul, an ansanm ak Komisè Sante Doktè Mary T. Bassett, ke yo te detekte varyan Omicron nan yon rezidan Minnesota ki te pase tan nan Vil New York nan yon konvansyon anime resan nan Javits Center. Gouvènè a ak Komisè Sante a te ankouraje chak moun ki te prezan pou fè tès COVID-19. Yo kwè ka sa yo pa lye ak konvansyon sa.

"Jan mwen te di pi bonè jodi a nan brifing Gouvènè a, konsèy ki pi enpòtan nou ka bay Nouyòkè yo nan moman sa se vaksinen, pran yon dòz vaksen siplemantè si ou deja vaksinen epi mete mask ou," **te deklare Komisyonè Sante Doktè Mary T. Bassett.** "Nou ankouraje piblik la pou pa panike, paske nou toujou ap aprann plis sou varyan sa epi nou prepare pou jere li. Laboratwa atravè Eta New York, ki enkli laboratwa sante piblik ki gen renome mondyal, Sant Wadsworth, te entansifye efò

sekans pou detekte epi etidye varyan Omicron an epi n ap kontinye travay ak ekspè sante piblik premye plan nou yo pou pwoteje Nouyòkè yo."

Laboratwa Sant Wadsworth (Wadsworth Center Laboratory) Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ap kontinye [kontwole](#) aktivman echantiyon viris COVID-19 yo chwazi nan tout Eta a pou konpare sekans yo epi idantifye varyant k ap sikile ak nouvo varyan Omicron yo. Depatman an kontwole tou tout done yo soumèt nan baz done sekans piblik yo pa lòt laboratwa sekans nan tout Eta New York ak atravè Etazini, k ap kontribye a yon pwogram siveyans solid epi kolaboratif pou analiz varyan an. Sant Wadsworth la ap chèche aktyèlman sekans espesimenn viris COVID-19 ak yon kapasite jiska apeprè 100 pa jou. Yo chwazi espesimenn yo owaza toupatou nan eta a pou bay siveyans atravè tout lokasyon jewografik yo epi done yo analize nan tout sekans viris la. Analiz la enkli evalyasyon mitasyon ki endike varyan enkyetid ak varyan enterè a.

Lòt laboratwa nan Eta New York ap fè menm travay la. Rezilta sa yo ki soti nan Wadsworth ak lòt laboratwa telechaje nan baz done piblik yo, [prensipalman GISAID](#). Nan baz done sa, done sekans ki soti nan tout kontribitè yo ka telechaje epi analize pou yon imaj tandans viris la ki pi konplè atravè eta a epi distribisyon varyan ki soti nan analiz sa yo rezime toutotan tan ap pase. Eta a te rann done sa yo disponib pou tout Nouyòkè sou [Paj Varyan COVID-19](#) yo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418